Nomer 7 — Salasa 11 Augustus 1925 (20 Moeharam 1343) — Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor
Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di So kapoera drukkerij Tas'kmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.
Djawa wetan:
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmirahna dina 3 sasih f 1,50
Sataoen f 5,—
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
AKMAWINATA
SOETISNA SENDJAJA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Hulparts.

„Hulparts" ngeunah kadengena kana tjeuli; lain ngeunah kadengena bae, tapi djeung ngeunah karasana koe baroedak oerang anoe bidjilan satalen, bisa ngambah kana eta pangkat.

Maap, memeh njarioskeun Hulparts sim koering rek ngadadarkeun heula pamendak di kampoeng, anoe oemoemna koerang pisan mirosea kana kaajaan kawarasan, rea noe pahili djeung katahajoelan, hal ieu teu ditjarita pandjang, koe sadaja kamanah.

Anoe geus kapendak bae, dina hal panjakit anoe teroes nepikeun ka mawa kana adjalna; oepama dipikir pandjang sarta ngingetkeun deui kana kawarasan henteu kandel teuing kana tahajoelna, katjida matak toegenahna hate. Rek njaritakeunana oge mani aringgis, nja eta sieun kapeupeuh koe takdir, tjenah. Da maotna teh geus ditakdirkeun koe noe kawasa. Koering oge pertjaja katjida kana eta takdir, da nja eta manoesa mah teu daja teu walakaja tea, kapoerba sarta kawengkoe koe takdirna Maha Soetji. Tapi dina lebah noe gering, toeloej diantep teu dalawan diihtiaran toeloej nepi kana adjalna, naha koedoe keukeuh moentang kana takdir bae ari ichtiarna henteu? Lamoen weleh ihtiar nepi ka oeak-dengkak, nja teu naon naon pasrah kana tadirroellah oge, da enjana kitoe. Hidji kasakit anoe katimbang aja harepan beunang koe oebar atawa tarekah, oelah diantep. Lain koedoe didoekoenkeun ngarah panjeboet, ngarah dianoe dianoe, anoe teu memper kana djalanna kasehatan. Saperti dina maot oge kapan rea anoe koedoe rada dililakeun, karana tjek noe ahli kana kasehatan, djelema bisa kapaehan (lain paeh enjaan) nepi ka 24 djam. Anoe matak di kota-kota anoe galede mah sakoer anoe maot koedoe bae dipariksa koe doctor heula, nja eta karoenja, atoeh oepama eta djelema kapaehan, toeloej bae dianggap maot, dikaloeat meureun ari hoedang teh geus aja di djero koeboer. Lain njiksa ari kitoe?

Tjontona rea koeboeran koeboeran anoe toelang-toelanana ngoempoel djadi hidji, eta lantaranana teu aja deui lian ti eta djelema dikoeboerna teu atjan maot bener. Boektina bisa dioek, toeloej pepeta hajang ka loear teu bisa lantaran sakitoe tohagana eta koeboeran, nja maotna reudjeung kapaksa tea.

Loembrahna di oerang ngaharamkeun ngalilakeun majit di imah koedoe boeroe-boeroe bae dikaloeat, teu ngoeroes di daktar-di doktor.

Rea deui kadjadian anoe oedjoegoedjoeg hoe bae maot, teu dilantarankeun nja eta teh maot sadjati? Eta oge djadi hidji pertanjaan anoe katjida beuratna pikeun didjawab.

Tadi geus ditjarita di loehoer jen djelema bisa siga maot nepi ka antara 24 djam (sapoë sapeuting) nja eta schijndood tea, lain maot enjaan. Pikeun noe nganjahokeun noe kitoe teu aja sanes ngan doktor; malah tjek Bintang Hindia mah di Amerika aja noe rek ngagandjar reboe-reboe dolar, ka anoe bisa nerangkeun sarta jakin, jen bisa netelakeun maot enjaan djeung maot bobodoan. Nja kadjadian aja noe bisa nerangkeun, atoeranana kieu:

Noe maot koedoe dirapetkeun ramona di hidji kamar poëk make damar (lampoe) semoe beureum katjana, toeloej eta ramo dikana lampoekeun ditingal, oepamana aja roepa tjahaja beureum tanda masih hiroep, lamoen hideung bae tanda maot.

Di oerang, entong atoeh nepi ka kitoe tea mah, atoeh eta bae leuleutikan anoe gering sing karawat kieu tjontona: Hidji boedak goelang goeling oepamana geus tiloe poë teu mitjeun, awakna panas beuteung moedegdeg, ana toeloej dioebaranana teh ngan oekoer koe tjeutjeuh atawa popok dina beuteungna koe bangsa leueur-leueur atawa roepa-roepa bae noe roet panoedoehna doekoen atawa kolot kolot ahli. Gantjang bae hoemandeuar, ah kari koemaha takdir bae, nia teroes koedoe nepi ka koeboerna. Koering geus manggihan noe kitoe sarta katoeloeng koe kastrolie nepi ka warasna, madjar teh koering bae noe noemboe oemoer, teu inget-inget kana takdir mah, da oepama tilar doenja mah nempoehkeunana kana takdir.

Djaba ti eta roa-roa deui anoe samasakali pasalia djeung pikiran kawarasan, oepamana eta noe gering koedoe dihaneutan, hajoh ditiisan, atoeh teu kapoeloek njawana sadjabi ti eta.

Soemawonna oepama ras inget kana noe ngadjoeroe mah, mani paner rek nerangkeunana. Aja basa ngan kari djoeroena, njawa noe ngadjoeroe mah, oepama eta noe ngadjoeroe hilang, nja diseboet gede gandjaranana, saroea djeung noe mati sabil. Asoep ka sawarga.

Mangga manahan, pantes eta gandjaran teh, moepakat koedoe meunang sawarga da meh teu aja pisan noe ngahantoe di kampoeng mah Koemaha paradji kampoeng njahona jen boedak malang atawa koemaha bae ka loear soekoe heula atawa njangigir tea. Dikoemaha koe eta indoeng beurang, mangga manahan. Ja Alloh Ja Robbi, boedak katoet indoengna tjenah lastari ka rahmattoellah:

Oentoeng noe deukeut ka Vroedvrouw, noe deukeut ka kota aja noe bantoe sarta enja enja teu karana olih. Koemaha ari di kampoeng?

Memeh oerang njeboet takdir prajoga sarta oetama pisan koedoe ihtiar ti memehna, nja eta sasajagian bisi nintjak di kadoehoeng, da sahentenna ari geus njaho jen moepoet ti awalna sok aja bae pikir kadoehoeng, nadjan tadina geus njeboet takdir oge.

Ajeuna bajoe oerang saeutik eutikeun njarita tina pasal djalanna meunang eta pangadjaran kasehatan.

Di Batawi aja Boedi Kamoeljan woengkoel ngadjar baroedak istri-istri kana ngarawat noe gering noe ngadjoeroe, nepi ka boga titel Verpeegster a Vroedvrouw: dina djero 5 a 6 taoen geus bisa hiroep matjakal sorangan, oepamana tjitjing di kampoeng bisa djadi paradji anoe bergoena.

Di roemah-roemah sakit rea baroedak anoe kaloearan sakola handap di aladjar tiori katoet praktekna dina ngarawat noe gering sarta ngoebaranana saniskara pangadjaran doktor diadjarkeun ngan henteu ari kabeh pisan mah, oepamana tina operatie atawa ngondersoek mah henteu. Lian ti eta mah diadjarkeun nepi ka djero 5 a 6 taoen bisa djadi Mantri Verpleger klas 1 sakoerang-koerangna klas 2. anoe gadjihna narimbang djeung pangartina, moen teu salah benoem klas 1 gadjih sawidak. Oetama ti wates gadjih f 100 teu koedoe examen deui bisa meunang titel HULPARTS sarta ditempatkeun di saban district djadi perantaraan ti kampoeng nepikeun ka Dokter, di mana aja noe koedoe dirawat koe dokter: ari panjakit anoe bisa koe H. A. tioekoep di district bae.

Beuratna pagawean leerling Verpleger (ster) lain sisiwo saat digarawe beurang djeung peuting, digarawe tjampoer djeung diadjar tea tina gawe kasar nepi ka lemesna, tina geuleuh keumeuhna nepi kana apik resikna, eta kabeh diadjarkeun, pantes sarta merenah pisan gandjaranana anoe soehoed kitoe meunang titel HULPARTS sarta matjakal sorangan sorangan di district-district. Hal gadjih koering meh teu sanggoep voorstel di dieu, karana lain ahlina, ngan bisa njeboet tiwates saratoes bae tangtoe kaloehoer. Terserah ka V, Z. V. B. di Betawi naha aja keneh a teu aja?

Ngan di dieu koering perloe njaritakeun hajang kanjahoan koe sarerea soemawonna koe tjalon-tjalon Lid Raad Kaboepaten mah, beh, dieuna koe Kiesman-kiesman, sing njerep ieu hal kasehatan, soepaja engkena dimana Gewestelijk Ziekenhuis teh tangtoe dipasrahkeun ka R, K.

Tjing ti ajeuna dimanah-manah, naha enja perloe diajakeun doktor di District-district pikeun mere njaho ka sarerea, jen enja perloena teh terang di kasehatan. Mokaha koe djalan ieu moal aja noe ting alasrog teuing dagang bor . . , ok (dipake modal djadjaloek), moal rea teuing anoe sangsara teuing koe lantaran lawas gering njoempoet da sieun tea rek di dokter mah (ka roemasakit).

Soegan sakieu bae heulaanan, engke deui disamboeng koe gawena HULPARTS di district-district.

K.

N. B. Tina leerling kana Verplegers (ster) salawasna make examen.

## Enggoning ngalalakon, nintjak dina djaman kamadjoean sing atos-atos.

. . . . . Een woord, dat gij spreekt, is een zaadkorrel, uitgestrooid in den Tijd, die in alle eeuwigheid zal opgroeien!

(Thomas Carlyle)

(Saketjap omongan noe dikaloearkeun koe andjeun, eta sami sareng binih noe dipelak dina waktoe, noe djadina saoemoer-oemoer).

Diantara noe maraos panginten aja noe njebatkeun sim koering: ajidoeh ka langit, pedah wani papatah ka saloehoereun.

Maksoed sim koering sanes kitoe, ieu mah sakadar ihtiar bae atoeh, oeloe-bioeng miloe tjoemarita hal djaman kamadjoean, soegan aja goenana.

Sing atos-atos. tjek sim koering tadi, nja eta atos-atos dina oerang ngaloearkeun omongan, boh koe lalambe, boh dina soerat soerat. Da oerang teh keur neangan kamadjoean, madjoe dina ngilari kasaean, ngilari kasampoernaan, ari kahajang simkoering oerang teh dina satingkah lakoe, dina omongan sakoetjap-saketjap oge kedah milihan, njaeta noe kinten-kinten pimawaeun kana kamadjoean, oelah oendoer oendoeran.

Noe dimaksoedkeun oendoeran koe sim koering, nja'eta noe palaj moelih deui kana kakoenoan.

Ari tjek sim koering mah sagala ihtiar noe sae teh, noe madjoe, njaeta noe aja goenana keur oemoem (sarerea) bab akoena keur rajat, noe dina waktos ieu keur nandang soesah, lantaran kasedekkeun hiroepna.

Ari anoe djigna kana kabaheulaan (kakoenoan) njaeta sapertos para djoeragan B. O. noe bade ngajoeman Boroboedoer, atanapi di oerang noe ngagaraleuh menjan noe bade maroekoejan (ngoekoesan) Aksara Soenda.

Rajat mah teu kapirosea!

Tem.

## Djadjap taoen.

(30 Rajagoeng 1443)

(Kinanti)

1. Tiloe poeloeh toetoep taoen, taoen koering boelan Hadji, adjina boebar boebaran. ngababar milik iseli, mokaha minggang wantjina, peren wajang padjar sidik.

2. Sidikna roesoel koe Rasoel, sidikna nabi koe Nabi, ka Nabian ka Rasoelan, panganggo moestika djati, titipan anoe ngajoega, joejoega sabeurang peuting.

3. Peuting batoer milik batoer, peuting koering koema koering, ringkang abdi kagoestian, gelar goesti lain abdi, djanggelek kantoen asmana, dibilang leungiteun djinis.

4. Djinis bingoeng tangtoe bingoeng, djinis lain lain deui, peuting tjaang beurang tjaang, poesaka ti nini aki, asal tinja nja kadinja, nja diri saksi pirnadi.

5. Dioegeeng koe noe rahajoe, hajoena malik ka diri, pangoepaj ti kahijangan. silih sindir malik eusi, siloka para sasmita, tedakan aki Maranggi.

6. Maranggih moestika batoe, batoe woeloeng inten boemi, saboemina saboemina. noe djadi sindir panglilir. gedong samir pasamaran, kasmaran kanti boeboedi.

7. Ngantian ngantosan dawoeh, dawoehan noe Maha Soetji, soetji iraha dawoehna, ngadawoeh wantji beresih, timbalan noe sajaktosna, dangoeeun noe jaktos deui.

8 Toetoep taoen ganti taoen, taoeu kataoenan deui, toetoep boelan ganti boelan, boelan kaboelanan deui, toetoep abdi ganti abdi, abdi ka abdian deui.

9. Abdi noe toenggoel rahajoe, moal kasisipan boedi, abdi noe kasoekman rasa, moal kasisipan sari, boga modal katjapina, pikatjaeun boedak jatim.

10. Jatim teu bapa teu indoeng, pahatoe pahatoe lalis, rek nanja nanja ka saba, dijoen dibanghang banghing, ngabangbang raga sorangan, leuleuj tjai leler angin.

W. A.

## Kahieuman.

Koemaha pitiasaeun madjeng, oepami sakomplotna henteu sadjalan; sanggem dina boekoe Waw. Rasiah noe kasep, karangan Nji R. H. Hadidjah tamah teu samoehrim.

Biasana soepados saoejoenan tea aja boekti kamadjenganana, toedjoean eta oejoenan (koempoelan) oelah pasalia kadjabi boeboek leutik.

Seueur pisan spreker-spreker noe ngedalkeun angen angenna boh dina beureum boh dina hedjo atanapi bodas dina salah sawios rioenganana sok pabentaran, poegoeh-poegoeh mah eta rioengan teh maksadna kritiek saoepamina, hajoh aja saoerang noe njarioskeun kaantianana eta rioengan, atoeh djabi ti rame sawala teh, matak moegoerkeun deui; lekasan-lekasanana baroentak.

Dina serat kabar oge nja kitoe.

Handapeun ieu karangan djisim koering pamoegi ka djr. djrg. Redactie sareng Bestuur Pasoendan moegi kersa ngawintjik maksadna ieu serat kabar, sapertos i Pasal Anoe, II, III s. s. t.

Doepi damelna at. poepoerieunana, ngageuing ka soegri noe resep koeroeng karang kana ieu koran soepanten oelah seueur moebadirna anoe ditolakan ka Redactie, lantaran patonggong-tonggong, wireh eta karangan teu keuna oedaganana.

Geura mangga taringali sing imeut, sapertos oedagan J. I. noe parantos ngaloearkeun panglajangna dina b. Soenda sapertos Poesaka Soenda teu aja pisan mentjogna, henteu pantjaraken, toeloej bae madjoena dina sadjalan, kawasna teu atjan toeteeg mah moal waka poegag, da tara tea nintjak kana njentoeg teh.

Koe timbangan djisim koering mah oepami seg teu aja gogodana serat kabar eta mah kawas laua, negrak teu aja habalang kawoewoeh tanahna ridoeh, moen salira matak bajoehjoeh.

Koemaha noe seueur pantjarakenna?

Emoetan, eta mah sesah madjengna, lantaran dina djalan-djalaning madjoe teh teu ara kahalangan koe maksad ti sisi ti gigir, moen pepelakan mah kore mereketetet da salamina roepek tjeudeum kahieuman.

sakieu bae heula.

Tawis hormatna
M. Engka - Widjaja.
Tjimoerah Garoet.

Tmr poststempel.

## MANGSI BEUREUM.

Tjek dina lalagoean Malajoe tamah, diatasnja merah, itoe tanda berani.

. . . . . .

Djaman baheula aja Radja njoeratan ka Radja sedjen, aksarana koe mangsi beureum, hartina nangtang perang.

Kaajeunaankeun sok seueur noe narawis dina Circulaire koe mangsi beureum.

Tjek noe pro kana katjapangan noe diibaratkeun di loehoer tamah, koerang sopan, teu pantes.

Tapi ingetan djisim koering mah henteu kitoe.

Hal ieu samemeh nerangkeun hal eta, moegi ka djrg.-djrg. Redactie sareng noe maraos sadaja, diteda timbanganana. Ajeuna saketjap ti pajoen lanan.

a. Mangsi beureum teh, damelna keur: marios, (njawad, njempad);

b. Oepami njeratan. sadajana koe mangsi beureum, jaktos awon katingalna, margi ajeuna keur nintjak kana padjamanan noelis koe mangsi hideung.

c. enz. . . . . awon! awon!

Tadi di loehoer djisim koering nerangkeun hal nawis dina circulaire; kitoe oge noe bade ditjarioskeun teh hal 4 a 6 ketjap bae; djadi kantenan saeutik pisan.

Tah, noe kadjantenan kitoe, jaktos awon, atanapi teu sopan, teu pantes?

Sageuj.

Malah djisim koering mah, koe emoetan dina sadanget ieu, oepami heg mendak serat noe adresna sareng eusina koe mangsi beureum, ditampi bae, moal ngemoetkeun noe njeratanana teu sopan, atanapi nangtang....

Nanging, koe oerang kedah tingali batinna eta serat, parios basana; da basa teh sasat boengkeuleukanana kabatinan.

Ladjeng manahan, naon margina njerat koe mangsi beureum teh; wireh ajeuna mah kapan oerang teh keur nintjak dina padjamanan seratsinerat koe mangsi hideung; kawoewoeh galib.

Boa teuing pangkitoe teh:

a. Noedjoe sajagi m. beureum, hideung teu aja.

b. Noe njanjandap pena antjleman m. beureum, dialaran keur marios.

c. Saladjengna wagelan-wagelan.

Tansah oelah dimaranahan awonna

Koe margi eta, tjoeng ngatjoeng, saha noe sapagodos at. noe henteu sami sareng oedagan djisim koering, soemangga diantos timbanganana.

Tawis hormatna
M. Engka - Widjaja
Tjimoerah-Garoet.

SIPATAHOENAN.

Sing tiasa ngebrehkeun kamadjengan.
Itikoerih rikrik gemi djaralankeun.
Patjoean tong njawad gawe doungeun.
Anggoer koe oerang pek lenjepan.
Tetelakeun kamoerahan ati oerang!
Ari toekeur pikiran tina s. k. goreng?
(Aloes pisan)
Hormat tilawat koedoe ka kabeh oemat.
OErang sing paham kana nimbang-nimbang kalakoean.
Noe koemaha ari ngritiek noe pantes?
Aloes ngirim karangan batan ngritiek teu oeni!
Naon gorengna awewe oeloebioeng djeung lalaki?
IkelaS lamoen bangsa oerang lembek?
Laki-rabI sing silih ajoenkeun.
Djoedjoep-djadjaP netelakeun wening ati.
Koemaha Asal-moeasalna oerang dibendo?
Noe diikeT ngan oerang Priboemi woengkoel.
Pakean SoendA basadjan pisan, malah penting.
Tjirina dina Hal bendo taja noe noeroetan.
Doedoekoej, ketOE enz. meh di saban bangsa.
KemadjoeaN ajeuna, djadi lembekna Inlander
Bangsa Anoe madjoe, noe pageuh kana talarina
HoedjaN bagdja djeung tjilaka, ngagending.

KINANTI.

Salian ti oerang Bandoeng,
Istri atawa lalaki,
Poma sing jasa noeloengan,
Atawa mere pepeling,
Tilawat ka kabeh oemat,
Adil sadjeroning adil.
Hasilna anoe geus tangtoe,
Oepami jasa mepeling,
Era oelah raos era
Netelakenn wening ati,
Amoeng sing remen berdebat,
Ngebrehkeun patoekeur ati.

Sipatahoenan postempel

**M. Engka-Widjaja**

## Djimat ti karoehoen.

Tina ngemoet-ngemoet koe objagna djaman ajeuna, jen koedoe tjinta bangsa, tjinta basa, tjinta ka lemah tjai, tjek emoetan teu aja sanes, lian ti kedah silih bedjaan silih papatahan, silih toeloengan, soepados sarerea tiasa emoet salamina, dina enggon ngambah kamadjoean. Oepami aja kalepatan, njoehoenkeun dilereskeun, dina kabodoan njoehoenkeun dipagahan, margi djelema teh, henteu tetep dina hidji maksoed, sok aja bae robahna.

Tah, tina angen-angen kitoe, hajang ngadadarkeun anoe ditjita-tjita dina hate, ajeuna timboel hajang moeka djimat ti karoehoen.

„Naon djimat ti karoehoen teh?"

„Tjek karoehoen." Ieuh oedjang bapa mere djimat, tapi koedoe dipake, koedoe dilampahkeun karana lamoen henteu dipake (lamoen henteu dilampahkeun) moal aja goenana pikeun hiroep, djeung deui bapa, moal rek loba loba mere djimat teh rek saroepa bae heula, gampang engke ditambahan deui asal geus dipake bae, djeung dilampahkeun.

Tjek djisim koering, Naon bapa atoeh djimat teh?

Tjek poen bapa: Oedjang euweuh deui hiroep di Alam doenja mah, ngan koedoe „BENER"!

. . . . . . . . . . . .

Aeeeh! Ari tjek djisim koering soegan teh anoe aheng, atawa noe model. Anoe kitoe-kitoe bae diseboet djimat . . . .

Tah, tah, tjek bapa, sok diadjar bedegong, diadjar bahoela, ieuh! kolot mah, geus loba loeangna, geus genteng kadekna, geus legok tapakna. geus kapikir pisan, perkara njiar (neangan) kasalametan teh, euweuh deui lian ti koedoe „BENER" dina sagala perkara.

Ari tjek djisim koering „aah! bapa mah njanjahoanan bae, kawas teh, bapa kaloear sakola loehoer . . . . kawas teh, kaloearan pasantren . . ."

„Heueuh, deuleu, nadjan kaloearan iskola loehoereun langit oge, ari henteu „bener" ngadjalankeunana mah moal matak djadi kasalametan, moal matak djadi kasenangan."

Sanadjan kaloearan ti pasantren oge (kaloearan ti Kiajai) ari henteu „BENER" metakeunana mah leuwih-leuwih ti anoe bodo (anoe henteu masantren), kabodoanana, kasalahanana . . . . . . .

Tjek djisim koering pirakoe bapa anoe kaloearan sakola loehoer . . . . nepi ka djadi kasoesahan? . .

Kapan; noe matak bisa asoep oge, meureun pinter.

„Heueuh! masing pinter oge, boh pangabisana boh tjaritana, ari henteu dibarengan koe lampah „bener" mah koerang sampoerna kapinteranana. . . .

Geura kieu regepkeun nja! ari belet mah, koe bapa rek dibedjer-boaskeun.

„Maneh teh koe bapa bareto disakolakeun nja! ka sakola satalen, ajeuna bisa noelis, bisa matja, bisa ngitoeng, wah! bisa bae. . . . .

Toeloej maneh teh noelis, boh noelis goegoeritan, boh noelis soesoeratan, tapi beubeunanganana noelis teu beunang dibatja koe batoer (henteu oeni) ari aksarana henteu oeni teh lain matak hese ka noe matja lain matak njoesahkeun, soemawonna soerat anoe kaseboet dines, atawa soerat anoe ngandjoek, atawa soerat anoe bangsa pereloe, atawa naon bae, anoe wadjib dikanjahokeun koe oerang, atawa keur batoer oge, kapan lamoen henteu „bener" noelisna, atawa teu oeni tea tah, eta teh lain matak njoesahkeun, lain matak ngahesekeun? soemawonna lamoen henteu „bener" basana (omonganana), matak henteu ngeunah kana tjeuli batoer, (kana hate batoer). Tah, kapan koe kakara saroepa oge ngadjalankeun henteu „bener" sakitoe kadjadianana.

Soemawonna lamoen njieun soerat anomiem atawa njieun soerat palsoe, ngindjeum ngaran batoer atawa ngadjoeal nama batoer, lain matak tjilaka kana awak!!

Kitoe deui ngarobah-robah toelisan toelisan anoe geus ditetepkeun koe nagara, atawa koe hakim heg oerang digawe, njieun kalakoean anoe henteu „bener" da rasa maneh aing pinter noelis, bisa ngadangding bisa nganggit, njieun mokaha henteu dipikir pitiwaseunana p i t j i l a k a e u n a n a.

. . . . . . . . .

Baris disamboeng.

**Mo. Sa.**

## Boeboedoegan.

Djoeragan panggalih!

I. Oepami kinten-kinten baris keuna koe hama mah, memang langkoeng sae oelah tandoer, tjontona oepami teu hojong ngaraos lada oelah toeang tjabe.

Njakitoe deui, noe laki-rabi, oepami sakinten hamo pisaeeun. langkoeng sae oelah kawin, Woudening Kapalang, parantos gaproek manten? asal oelah masihan talak bae. . . . . !

II Lebah mana djisim koering neumbleuhkeunana? Saoer andjeun awewe noe bade diomean, naha lepat oepami sim koering: „Bodjo oerang woewoeh lami kedah woewoeh pipanoedjoeeun pikeun oerang" (Perampoean kita, makin lama haroes semakin menarik hati kita) Koering njarita kitoe soteh dialap oemoemna bae (algemeen), margi oepami diwintjik diwidji-widji mah, moal tjekap Sip. lima lambar, soegan.

Oepamina: Toekang maling tangtos panoedjoeeun oepami bodjona tiasaeun njopet. Poelisi panoedjoeeun oepami bodjona tiasaeun nangkep, atanapi ngintip (bespieden) bangsat. Aki aki (oge nonoman?) resepeun ka nini-nini noe daekeun tjitjing di imah (ngoeroes) batan ka noe resepeun laladjo. Seueur teuing oepami ditataan.

Ngakalanana sareng metakeunana, moal kenging dipastikeun, margi goemantoeng kana kahiroepan sareng adat tabeatna salaki; nja oepami dialap oemoemna: „pipanoedjoeeun" asa teu lepat!! Lepat keneh?

Sareng deui saoer andjeun: „awewe koedoe dibenerkeun, koemaha meunerkeunana?"

Tjobi saha noe pitiaseeun ngalereskeun oepami teu terangeun lepatna? Tjobi sebat heula koemaha lepatna? manawi bae tiasa ngomean!

Andjeun oelah ngalepatkeun teuing istri, jen pipisahan teh koe margi istri noe lepat. Boektina jen andjeun ngalepatkeun tadi njarios jen istri kedah diomean. Aneh teu njebat lepat naon.

Kapan seneur pameget noe njerahkeun bodjona tanpa dosa! Malah radjeun pameget noe lepat (oepamina kagoda koe istri sanes) doegi ka njerahkeun bodjona noe satia. Naha lebah dinja bodjona keneh noe lepat. Istri noe kedah diomean? Karoenja teuing koe hiji Soendasari . . . . . wordt toch wakker zusters!!

Sakitoe bae heula pangwalon punt ka II (lebah dieu saha noe neumbleuhkeun? Noe ngalepatkeun (verdedigen (kawas koering?) . .

III. Saoer andjeun, „Radjeun aja noe kawin ngan sapoë! Naon (ng) aranna noe kitoe? Naha kasoep kana kawin eta teh?" Kantenan! Tjek saha teu kalebet kawin! Njata jen kawin. Teu kalebet soteh ka noe sae, noe mawi langkoeng sae oelah!. Sanes kitoe Djrg. Red? Djrg Panggalih pribados ngarempoegan jen kawin teh kedah saoemoer hiroep. Naha make naros: „Naha teu meunang kawin sadjam oepami koering noe djadi panghoeloe atawa bapa boedak mah memang ngalarang keras pisan, naon goenana kawin sadjam? Asa teu paroegoeh!! Sakali deui batan kitoe langkoeng sae oelah kawin. . . . . . . . . . .

Mangga naros naon deui? oepami Djr. Redactie teu kersaeun ngalebetkeun papadon oerang, sae silih toedjoel (persoonlijk) oge. Adres sim koring M. A. Assistent P. T. T. Tandjoengpandan Billiton (sanes Salamoen).

Sakieu bae heulaanan, bilih njeepkeun kolom.

Salamna

Salamoen

Tandjoengpandan Juli 1925

## Hal beuratna padjeg.

Di dieu moal ditjaritakeun kabeh koemaha hal beuratna padjeg ngan rek njaritakeun Kangdjeng Bandoeng bae di Volksraad voorstel soepaja anoe pangasilanana koerang ti f 240 dina satahoen teu dikeunaan padjeg pangasilan, teu saperti ajeuna mimiti ti pangasilan f 120 dikeunaan padjeg. Eta poerstel asa ngeunah kadengena, tangtoe ngoerangan beuratna teh keur oerang si leutik.

Ngan aja karisi, nja eta di noe nganslahna sok pinter pisan, poegoeh poegoeh koerang ti f 20 saboelan, madjar bisa meunang tjenah f 20. Anoe, anoe katranganana, berebet debatna sataker kebek, atoeh si leutik teh eleh, teu bisa moeni. Tah di dinjana anoe dipake karisi teh, ma'loem si leutik. Ari itoe noe ngaslag, ma'loem meureun.

Sok inget ka Ogel Eon dina keur memenakan; kana naon silaing pakasaban? Soemoehoen kana ngarit f 80. maneh keuna balasting hah! Atoeh si pangarit molongo bae.

Ari silaing kana naon? Soemoehoen kana dagang Soloan.

Tah maneh mah keuna padjeg pangasilan f 5,— Soemoehoen nampi.

Kotjap si pangarit ngarasa teu ngeunah, naon margina ari abdi anoe pangasilan tina djoekoet mani f 80. ari eta anoe sakitoe djegoedna ngan f 5.? Hih kapan eta silaing mah sok ngaroeksak galengan batoer, kebon batoer dialaan djoekoetna noe matak padjegna ge gede, geus teu meunang rekes deui tetep bae. Bade dibeuleum bae soendoengna.

Tah koemaha oepama aja noe niroeniroe kana eta dongeng Eon. (Ah pirakoe soegan nepi ka kitoe mah Corr).

Katjida ripoehna pikeun di si leutik.

**Saka.**


Hatoer pinten-pinten noehoen ka sadaja anoe roemodjong na lika maotna poen anak Nji Marjati, prantos teu timoe piketjapeunana koe omongan mah; moeng pasrah ka noe Maha Soetji.

Hoermatna

**NATAPRAWIRA.**

Sarimbit


## Dikastroli djeung poeasa.

**(Njamboeng kana kasehatan.)**

Dina Bintang Hindia aja noe tjarita kieu:

Dina tjarita Djawa (babad) kotjap sahidji radja anoe kabeuratanana ngan sakali dina sataoen, sababna andjeun na sok tatapa bae, ngaleungitkeun napsoe kana toeang ngarot. Hal ieu koe radja mantjanagara mah diseboet na radja „montjir", harita radja anoe boga kasawat boeboeang.

Tangtoe koe anoe arajeuna oge hal ieu teh dipandang adjaib, karana oerang mah teu mitjeun sakali oge dina sapoë geuwat dipergasi atawa koemaha bae soepaja boeroe-boeroe mitjeun. Hal ngabersihan beuteung teh di oerang geus ilahar teu pilih boeloe, karana pada ngarti jen oepama beuteung kotor tangtoe pisan ngadatangkeun roepa-roepa panjakit, njeri beuteung tea, njeri angen, lalendeng, sarta roepa-roepa deui, anoe matak pantes hal ngabersihan beuteung teh (dikastroli) babakoena, djadi hidji pagawean anoe misti pisan, oepama oerang ngarasa teu ngareunah mitjeun, teu mitjeun atawa sarebel, da ngarti datangna teh tina kotor beuteung tea.

Anoe boga eta atoeran teh mimitina toean Guelpa datang ka koe sakoeliah Europa eta atoeran ditariroe, noeroet katrangan eta jen ngaberesihan beuteungna tanwande ngoerangan eta panjakitna, oepama tempo-tempo sok kataradjang roepa-roepa panjakit dina beuteung, perloe dibersihan heula, tangtoe bisa moesna. Panjakit borok, boedoeg, rarieut oge bisa ditjageurkeun koe ngebersihan beuteung mah.

POEASA.

Dina Boelan Ramelan biasa oerang paroeasa 30 poë sarta geus asoep kana roekoen Islam anoe katiloe.

Poeasa anoe sadjati pikeun oerang Islam lain bae mantrang kana teu dahar djeung nginoem bae tapi rea deui saperti:

Mantrang nendjo hidji barang anoe kaasoep larangan.

Mantrang ngadenge sora-sora tatabeuhan anoe ngadatangkeun masiat.

Mantrang ngambeu hidji barang anoe haram atawa makroeh.

Mantrang ngaloearkeun atawa ngadenge omongan tjawokah.

Nahan napsoe amarah atawa koedoe sabar.

Naon paedahna poeasa?

Goenana poeasa noeroetkeun Sjara agama di dieu teu diterangkeun, noe njamboeng kana kalahiran bae:

Maksoedna atawa paedahna poeasa nja eta hidji oepaja pikeun njegah djeung njageurkeun roepa-roepa panjakit, komo oepama disamboeng djeung hal ngabersihan beuteung mah.

Kira-kira 34 taoen katoekang di nagri Walanda aja noe boga panjakit ngaranna Succi geus sababaraha taoen teu tjageur. Aja noe mere nasehat jen koedoe poeasa 40 poë lilana nja ditoeroet; ka pareng tjageur teu sakara-kara.

Koe sabab eta teroes hal poeasa teh dianggap hidji tarekah keur njegah panjakit.

Noeroet anggapan dokter oge poeasa teh, ngadjadi lantaran tjageurna panjakit, nja eta oepama dimimitian heula koe ngabersihan beuteung teroes poeasa. Karana oepamia sesa kadaharan anoe di djero beuteung (noe geus boeroek) oepama teu dikaloearkeun heula bisa djadi ratjoen ka oerang, noematak perloe memeh poeasa teh koedoe bersihan heula beuteung.

Tjek toean Guelpa oepama noe poeasa beuteungna diberesihan heula bisa tahan lapar nepi ka lila pisan, oepama teu kitoe sok gantjang lapar, noendoetan sabab masih aja kokotor anoe teu kabidjilkeun.

Eta toean geus sering njoba ngoebaran anoe boga panjakit kentjing manis koe djalan ngabersihan beuteung djeung poeasa, goelana tina eta panjakit kanjahoan sarta kaloear tina tjikahampangan nepi ka 500, 700 djeung 1200 gram. Tapi sanggeusna poeasa eta goelana tea ngoerangan hal ieu kanjahoan pisan koe Dr. Jennings.

34 taoen katoekang Dr. Jennings geus njoba ngoebaran anoe kentjing manis, kolot oemoer 63 taoen. noeroet papariksaan aja goelana 90 gram tapi weleh koe roepa roepa obat teu daek tjageur. Barang geus dititah poeasa djeung dikastroli eta panjakit leungit.

Sateroesna nadjan goelana oge aja deui koe lantaran dahar biasa deui, tapi engke oge bisa leungit koe noe gering sorangan, koe djalan poeasa 24 djam oge.

Eta pamendak Dr. Jennings dimoepakatan koe Dr. Pillet di Nior sabab geus ditjobakeun deui koe andjeunna.

Koe andjeunna ditjoba ka hidji djalma oemoer 60 taoen anoe ngandoeng kasakit geus 25 taoen, tjageurna mah koe ngabersihan beuteung djeung poeasa bae.

Djaba ti eta ditjoba deui ka orok anoe boga panjakit kentjing manis da katoeloeran ti sepoehna, sanggeus indoengna dibersihan sarta poeasa doeanana salamet tjageur.

Dr. A. A. Warden di Paris nerangkeun ka Dr. Jennings jen aja awewe bareuh pianakeunana djeung blinde darmonsteking, taja hidji noe sanggoep njageurkeun lamoen teu dibelek sanggeusna dibersihan beuteung djeung poeasana mah doemadak tjageur, ngan djero 8 poë.

Aja deui di London nona oemoer 25 taoen anoe kahampanganana ngandoeng goela tina hidji litter 2—10% geus weleh doktor ganti-ganti teu tjageur, koe lantaran bersih beuteung djeung poeasa eta panjakit sama sakali waras.

Aja deui doktor hoentoe anoe salilana nginoeman morfine lantaran njeri satoelang-toelang nepi ka teu bisa ngadjalankeun pagaweanana, weleh teu tjageur, barang geus ngabersihan beuteung djeung poeasa mah djadi sehat sabiasa.

Dina boekoe „Auto intoxcatien" karangan Dr. Guelpa nerangkeun jen lantaran ngabersihan beuteung djeung poeasa bisa njageurkeun darmonsteking djeung rea-rea deui.

Moega-moega koe lantaran ieu karangan anoe geus boekti sarta njata kamandjoeranana djadi angen-angen sadaja noe maraos sadaja sing tiasa ngaboektikeun nganjatakeun, saoerkeun ka para saderek anoe dikinten tiasa narimana, oelah lepat kana ngabersihan padaharan sareng poeasana". Eta djadi pitoeloeng ageung pisan ka noe ngandoeng roepi roepi kasawat.

## Ngaraos koerang adil.

Kring! . . . . Kring! . . . Kantoor, No. 76. Hallo!!

Toean Opzichter aja?

Teu aja tournee!!

Ih, handjakal. Boro sim koering teh bade gadoeh pioendjoek.

Pioendjoek koemaha?

Hmm . . . . . Eta sim koering teh asa ngaraos kirang adil! Doepi margina, kieu geura!

Meh sadajana djalan-djalan Gewest di Garoet ajeuna parantos diasphalt (diter) Sapalih ajeuna noedjoe disetoem heula. Roepina, eta oge engkena mah tangtos diasphalt.

Atoeh katingalna Garoet teh woewoeh matak kairoet, tambih beresih nja keusik-keusik raresik, tjadas-tjadas harerang, kahibaran koe sinarna djalan.

Komo ari noedjoe disiram koe tjai leiding mah, mani ngagilap, kasorot koe tjahja Batara Soerja, noe eukeur toenggang goenoeng.

Kitoe deui sapandjang djalan (Chineesche Voorstraat) di sisina nganggo ditegela (trotoir) kangge djelemadjelema laleumpang. Eta sagala roepi, djadi tawis, jen kas Gewest Garoet teh beunghar katjida, geura bae mangga maranahan, hal verlichting, (lampoe listrict), hal waterleiding, hal karesikan, kaaloesan djalan-djalan. Eta moal boa, tangtos begrootingna oge milioenan roepiah.

Ti mana meunang doeit sakitoe??

Taja deui gegedena lian tina KASAB oerang PRIBOEMI. (P. B., O. B. Verp. enz.)

Aeh-aeh, kalah los kana ngadadar kasab? Ieu teh saenjana koerang adil (onbillijk) koemaha?

Ih, soemoehoen, sajaktosna kieu geura!

Sarerea pada dikasab koe Kangdjeng Gouvernement. Sim koering oge teu kalaroeng. Malah toeh mani ngaringkel f 10,— Edaaasss, sakitoe teh pikeun sim koering mah parantos ngaraos abot katjida!

Eta koe kesit pisan loerah teh narikan padjegna, namoeng ari kaperloean oerang desa teu atjan dioeroes. Saperos ieu, djalan ti EMPANG ka REGOL (pajoeneun sakola Istri), parantos sababaraha kali ngan woer deui koe keusik, woer deui koe batoe, tapi ari pek disetoem mah ti kapengker teu atjan katingal Naha bade diantep bae sina gariutoel sagede-gede endog soang??

Pirakoe?? Kapan sarerea oge pada majar padjeg. Nja eta keur ngomean (njetoem) eta.

Kilangbara atoeh ari oeloebioeng diasphalt mah. Euhh, djadjaoeheun Kitoe, noe diperloekeun teh ngan djalan-djalan hareupeun imah-imah noe beleunghar bae, toer kapan oerang sisi noe malarat oge saroea bae pada majar kawadjibanana! (majar

padjeg).

Tah sakitoe kapanasaran teh. Asa dilitjikan!!

Tjing atoeh Djoeragan Opzichter Gewest tingali kaajaanana eta djalan, pirakoe teu hawatos, hidji djalan di dajeuh (Kotta) saroepi kitoe. Taja deui noe tiasa noeloengan teh, djabi ti Djoeragan Toean.

Njoehoenkeun divoorstel ka Gewestelijke Raad, hal ieu koelan.

Poenten bae, ah, bade ngilari keur majar padjeg.

Teu KAHARTI! Katjida sisirikanana teh!

Oerang desa.
**A. S.**

Garoet postmerk.
Panjamboeng.

Pertjanten djalan-djalan di kampoeng koe djr. Opzichter bakal dioeroes. Njanggakeun.

**Red.**

## Ngaran Sipatahoenan.

— b. Perkawis titel Sp. manawi satoedjoe sareng manah Djoeragan-djoeragan, koemaha oepami digentos namina koe gelaran: Sinar Patahoenan; eta gelaran, emoetan simkoering mah, langkoeng djero pihartoseunana (*) nja eta hojong ngitjalkeun ketjap: Si; margi ngaraos kirang loetjoena (Aeb) nganggo ketjap: Si teh (*)

c. Djisim koering djoemoengdjoeng pisan oepami rempag mah sadaja Djoeragan-Djoeragan ieu Sinarpataoenan di kaloearkeun Saminggoe 2 ×, Abonemenna sa Kwartaal ± f $2^1/_2$ geura mangga barempagkeun deui koelan.

Salam hoermatna
**poen L. b. M. m.**

(*) Sadjabi ti djero pihartoseunana teh, pamendak Simkoering; Di Waloengan Tjigoegoer bawahan desa sareng Onderdistrict Tjigoegoer, district Tjidjoelang, aja hidji Leuwi, namina: Leuwi Patahoenan, teuing koe djero, tjek panjariosan mah djerona teh aja 16 deupa, sareng didinja teh sabeulah ti kidoel aja liang (goeha) ageungna kinten-kinten sameter ◻, pandjangna goeha tina beungeut liang nepi ka boentoena ± 25 M. Sok dipake enggon (pandjoempoetan) Laoek, malah kapoengkoer-poengkoerna mah dianggo geugeuhan (kalangenan noe djoemeneng Bp. Soekapoera (Manondjaja), sim koering oge nalika tjitjing di Parakan Tjigoegoer (Parigi) taoen 1878—1879 Sareng 1880, sok ngiring Kg. Dalem Kg Adipati Wiradiningrat marhoem, moepoeh didinja, nganggo di toeaan ratoes-ratoes tanggoengan, soepados laoek-laoekna rada marabok (baridjil tina goeha liang tea), teu kinten bae seueurna roepi-roepi laoek arageung, taroeroen kana saapan (badodon) noe kenging abdi-abdi njajagikeun kangge Kangkjeuag Istri, Ratoes-ratoes laook: Kantjra, Tawes, Bilibrih sanes sanes laoek noe kabojong.

Tjeuk Dongeng mah, eta Leuwi patahoenan teh tilas patamanan para poetri Widadari djaman baheula pisan enz. manawi parantos reboean taoen.

Malakmandar bae ieu Sinar-Patahoenan joeswana rada katoeroenan kalajan pandjang poendjoeng loh djinawi. Amin-Amin Jaa Robbal Aalamin.

**L. b. M. m.**

(*) Si lebah Sipatahoenan, sanes Neng, Den Patahoenan, sapertos Sidolig Voetb. club di Bd. sok diganti. Neng Doeli.

**Red.**

## Singaparna 24 Juli '25

Djisim koering hatoer oeninga, wireh parantos aja kapilih oge kana kiesman namoeng bodona teu kinten, kawoewoeh tempat oge oerang kampoeng sisi pisan.

Hidji waktos keur ngemoet-ngemoet sareng babatoeran djisim koering pada kiesman, nja eta ngemoet koemaha, anoe mana, goejoebna, milih pikeun Lid.

Bet kaloresan doengkap kabar ti Pasoendan (Sipatahoenan ddo 14/7 25) atoeh teu kinten noehoenna, kawoewoeh dina eta Sipatahoenan parantos diserat djago djago pikeun Lid di district Singaparna.

Djisim koering rawoeh batoer batoer djisim koering pada kiesman kiesman, koe tina ngaraos tambih adjrih doegi ka maos Alhamdoelillah ngaoehoenkeun ka noe parantos diserat dina Sipatahoenan (djago-djago tea). Saterasna salangkoengna tina noehoen, djisim koering, deui, hatoer oeninga, anoe djadi chef. Pasoendan, sareng djago djago pikeun di district Singaparna, moegi oelah djadi rengat galih, wireh djisim koering rawoeh batoer batoer, aja panoehoen, (disoehoenkeun). Nja eta pikeun Lid di district Singaparna, njoehoenkeun ditambih hidji deui Lid, djalmi toekang tani, sareng djalmina anoe mangartos anoe oeninga kana kabeneran.

Margina pikeun district Singaparna djalmi djalmi teh taja lintang ka seuseueuranana mah, kabiroepanana tina bab tani.

Koe titingalan djisim koering, sareng batoer batoer djisim koering pada Kiesman, di district Singaparna, aja oge, pikeun nambihan kana Lid, djalmi anoe kajana tina tani sareng masih pangkat Moegi pisan koe noe djadi chef diidjabah sapamaksadan djisim koering; „Nja eta pikeun Lid di Singaparna, njoehoenkeun ditambih koe hidji Lid (djalmi tani).

Ieu panoehoen djisim koering
poen
**Kiesman² District Singaparna.**
**Panjamboeng.**

Tjobi atoeh saha, sebatkeun saha pidjagoeunana. Koe emoetan djr. Mantri Goeroe pangsioen Mangoenredja oge oeninga kana bab tatanen.

**Best. Pas.**

## B. B.

Raden Mahmoed Natakoesoema A. W. Manoendjaja benoemd A. W. van Politie di Bandoeng, gentosna R. Endong Natawinangoen tadina A. W. v. Politie Bandoeng.

R. Kartaadiwidjaja Secretaris Regentsch. Garoet benoem A. W. Tjisaat.

R. Memed Sastrahadiprawira Mantri Kaboepaten Bd. benoemd A. W. Bodjongloa Bandoeng.

M. Wangsamihardja M. P. Bandoeng benoemd A. W. v. P. di Bandoeng.

Raden Moehamad Rahmat M. P. b/d A. R. Bandoeng benoemd Mantri Kaboepaten di Bandoeng.

Dibenoemd kana Mantri-Mantri Polie salebet Priangan:

M. Soelaeman Nataamidjaja ti C. A. Regent Bandoeng.

R. Kalsoem Wirasendjaja tina C. A. Controleur Garoet.

R. Goeratmana Bratawinangoen C. A. Wedana Garoet.

R. A. Gasikin C. A. Controleur Soemedang.

R. Sanoesi Natawijogja C. A. Regent Garoet.

M. Hasan Ahja A. W. Bandjarwangi Tjikadjang liren sareng bormat ladjeng didamelkeun di Kaboepaten Garoet.

Gentosna ka Bandjarwangi M. Wiratmadja A. W. Bodjongloa.

R. Soemawikarja A. W. Bodjongsalam Tarogong ngalih ka Tjiamis.

M. Soemadipradja A. W. Tjiamis ngalih ka Bodjongsalam.

R. Rg. Wiradinata Wadana Soekanagara benoemd - Patih Tasikmalaja.

R. Rg. Wiriaatmadja Patih Garoet benoemd Patih Bandoeng.

R. Rg. Wiradipoetra Wadana Tjibeber benoemd Patih Garoet.

## Ngadjagokeun baris lid raad kaboepaten.

Sanadjan geus ditjaritakeun dina vergadering Pasoendan, noe didatangan koe pirang-pirang kiesman ti oenggal oenggal district, tapi lantaran ajeuna geus nepi mangsana kana ngadjagokeun, dirasa perloe ditjaritakeun deui dina Sipatahoenan.

Ti mimiti tanggal 4 nepi ka tanggal 18 boelan ieu Augustus, kiesman-kiesman bisa menta blanco laporan hidji-hidjina djago pikeun lid raad kaboepaten. Saperti noe geus ditjaritakeun dina vergadering, mentana blanco ka kawadanan; da kapan djoeragan Wadana teh djadi Voorzitter stemkantoor.

Ari blancona teh aja noe ditoelis koe aksara walanda, aja noe aksara Arab ajal oge noe koe aksara Soenda.

Kiesman-kiesman bisa milih mana noe dipikaboetoeh. Noe ngan bisa noelis djeung matja aksara Arab, tangtoe njoehoenkeunana laporan noe ditoelis koe Arab: Eta sababna noe matak aja 3 roepa laporan. Toeroeg toeroeg kapan teu oenggal kiesman bisa matja nja aksara Walanda, nja aksara Soenda, nja aksara Arab.

Tah ieu tjontona „lapoeran" hidji-hidjina djago pikeun lid raad kaboepaten ti district Tasikmalaja.

Kiesdistrict ______

**LAPORAN (¹) (OPGAVE)**

**bidji-hidjina djago pikeun pilihan noe diaalakeun dina**

**powe ______ waktoe milih ______ elid Raad Kaboepaten ______**

| Ngaran djago-djago | Roepa-roepa katerangan sakoer noe perloe pikeun nerangkeun hal kaajaanana djago (pagawean, kapangkatan, taksiran oemoer dj. s. t.) | Tempat matoehnanoe sabenerna di djero wewengkon kaboepaten | |
|---|---|---|---|
| | | District | Nomer djeung ngaranna desa |
| Rd. Kd. Wangsanagara | Djaksa di landraad Tasikmalaja | Tasikmalaja | desa Tawangsari |
| Soetisna Sendjaja | le. Onderwijzer H. I. S. Pasoendan | id | id Tjihideung |

Noe nanda tangan di handap ijeu, kiesman-kiesman di district ______ nerangkeun, jen tarima geus ngasorkeun djago-djago noe kaseboet di loehoer baris djadi lid Raad Kaboepaten ______

| Tanda tanganana sakoerang-koerangna 3 kiesman | Ngaranna ditoelis masing oeni | Nomer lijst kiesman |
|---|---|---|
| | | |

(¹) Ieu laporan koedoe kasanggakeun ka Voorsitter stemkantoor dina tanggal 18 Augustus 1925 antara poekoel 8 isoek-isoek djeung poekoel 1 beurang di kantorna Voorzitter.

(²) Lobana candidaat oelah leuwih ti doea kalieun lobana lid noe rek dipilih, djadi oelah leuwih ti ______

Djeung deui koedoe inget ka noe kaseboet dina artikel 6 Reglement Raad Kaboepaten (Regentschapsordonantie) Stbl. 1924 No. 79, noe oenina kieu:

Artikel.

Anoe bisa djadi lid Raad Kaboepaten teh ngan abdina lalaki karadjaan Nederland bae tjatjah djiwana Tanah Hindia. tempat matoehna di djero wewengkon kaboepaten, atawa di djero wewengkon gemeente noe aja djeroeun eta kaboepaten, sakoemaha noe dimaksoed koe artikel 3 lid ka 2, kitoe deui oemoerna geus mantjat kana 25 taoen, bisa matja djeung noelis aksara Walanda, henteu ditjaboet hakna kana ngoeroes babandaanana kalawan poetoesan hakim, atawa henteu ditjaboet tina salah sahidji hak atawa kakawasaan sedjen, djeung deui anoe henteu failliet (dipoetoeskeun koe hakim jen henteu bisa nohonan kawadjibanana dina hal peroesahaan).

Dina kolom roepa-roepa katerangan koedoe tetela pisan, bisi aja noe sangaran teu kanjahoan bedana. engkena matak ongeldig (teu sah).

Ieu laporan sanadjan koe oerang dipenta dina tanggal 5 atawa tanggal sabaraha bae samemeh tanggal 18. tapi ari njanggakeunana mah ka Voorzitter stemkantoor anggei bae dina tanggal 18 antara poekoel 8 isoek-isoek djeung poekoel 1 beurang.

Teu aja balanganana oepama oerang menta poekoel 12 beurang dina tanggal 18 tea, asal memeh poekoel 1 kasanggakeun deui ka Djrg. Wadana (voorzitter stemkantoor).

Lobana djago teu bisa ngaleuwihan tina doea kalieun lobana pielideun.

Saperti district Tasikmalaja loba pielideunana teh ngan 2, djadi ngadjagokeun teu meunang leuwih ti 4.

Lobana kiesman anoe nanda teu menang koerang ti 3. Djadi asal aja 3 kiesman noe sapatotos pikiranana maraoehanana geus bisa njieun djago.

Raad kaboepaten Tasikmalaja pielideunana aja 29.

Ti antara noe 29 tea, noe 15 dipilih koe kiesman kiesman.

Nja eta:

District Tasikmalaja 2
„ Tjiawai 2
„ Singaparna 2
„ Manondjaja 2
„ Bandjar 2
„ Pangandaran 1
„ Tjidjoelang 1
„ Tjikatomas 1
District Taradjoe 1
„ Karangnoenggal 1

Sasesana noe 14 deui dibenoem. Njaeta 8 lid bangsa priboemi, 4 bangsa Walanda, 2 bangsa asing wetan (Banggala, Arab, Tjina dj. s. t.)

Masih njajagikeun tempat di H. I. S. Galoeh Tjiamis kanggo baroedak loear Tjiamis.

—o—

Tarief spoor ngarangkep notes kaperloean para Soedagar sareng Padvinders. pangaos 5 sen.

**di Drukkerij Pasoendan**
**Tasikmalaja.**

—o—

## TENTOONSTELLING Manondjaja.

Tina hal karadjinan, abdi-abdi sareng Moerid-moerid sakola II sareng Sakola-sakola desa sa District Manondjaja.

Hasil boemi, ingon-ingon sareng roepi-roepi.

Ngawitan ti ping 27 doegi ka 31 Augustus 1925.

Mangga perleekeun taringali, ditanggel rea anoe aheng-aheng sareng marodel.

Het Bestuur.

## KABAR.

**Tina s. k. Walanda.**

Minister-minister anjar di Nederland H. Colijn Minister-president djeung Financien (doeit).

Jhr. Mr. Dr Van Karnebeek oeroesan loear nagara (buitenlandsche zaken) Mr. J. Schokking Justitie (pangadilan Jhr. Mr. D. J. de Geer oeroesan djero nagara tatanen (binnenlandsche zaken en landbouw).

J. M. J. H. Lambooij perdjagaan nagara (defensie).

Ir. M. E. C. Bongaerts adegan-adegan (waterstaat).

Mr. V. H. Rutgers pangadjaran (onderwijs).

Mr. D. A. N. Koolen pagawean (Arbeid).

Ch. J. I. M. Welter minister djadjahan (kolonien)

—o—

Abdoelkarim di Marokko ngirim doea oetoesan ka Spanje djeung Prantjis rek dami.

—o—

Di Canton aja kariboetan gede deui Poelisi djeung kaom mogok gareloet. 11 noe mogok maot djeung rea noe tatoe.

—o—

Di Tibet aja perang pada batoer antara parte soldadoe djeung parte. Lama (kapala agama di Tibet).

—o—

Miniter-Minister di Djepang eureun lantaran teu tjotjog dina perkara ngatoer padjeg. Burggraaf Kato djadi Minister president deui.


**Awas!** Oelah lali - bilih kaliroe **Awas!!**

# „TOKO-EMPANG"

**Stationsweg Tasikmalaja.**

Sajagi roepi-roepi panganggo KADINESAN, anggoeun PONGGAWA² DESSA, noemoetkeun atoeran ajeuna sapertos:

1 Stel raksoekan lantjingan bodas pangaos ti f 10,50 doegi ka f 17,—
1 „ „ „ drill gading sareng hedjo pangaos ti f 10,— „ „ f 14,—
1 Petji anggoeun Loerah complit pangaos f 11,— sareng „ „ f 12,—
1 Stel (7 kantjing) perak 800 Letter D. pangaos f 5,75 sareng „ f 6,—
1 „ (7 „ ) nekel „ D. pangaos f 3,25 sareng „ f 3,50
1 Pasang polet pasement anggoeun Loerah pangaos f 1,50 f 2,— sareng f 2,50
1 „ „ anggoeun Djoeroetoelis, Poendoeh, sareng saterasna pangaos f 0,50 sareng f 0,70
1 „ poetis pangaos f 2,50 f 3,50 f 4,50 f 5,50 sareng „ f 6,50
1 „ Sepatoe pandjang (Las) koelit hideung atawa mota nomer roepi-roepi pangaos f 7,50 sareng f 10,—

Oepami palaj dikapoet kedah tambih f 1,— sapasang
Sareng oepami ngagaleuh panganggo Complit kenging potongan $7^1/_2$%.

Bilih aja noe palaj nganggo Lawon Lena atanapi half Lena pangaos sae badanten deui.

Sareng sadjabi ti eta sajagi roepi-roepi tarico, soetra Danas, Zerge-Blauw, zerge-gading, lawon pipajamaeun, pikamedjaeun sareng sanes-sanes deui.

Hoermatna

38 **H. M. DJOEWAENIE.**

Kedah taliti pisan tingalian roepina daarna, sareng modelna, margi aja noe ...


## IMPLIK-IMPLIK

### Nji Djoeminem.

**Koe K. M.**

**Samboengan Sip. No. 6.**

**(Diwagel dipetik).**

Kadjaba ti eta rea toepa tipnena noe laiemes, tjek tatangga-tatanggana mah rea poelitikanana, atoeh Nji Endjoem teu sakoemaha lilana elikna teh, sateroesna mah datang ingetan anoe pasrah tea, geus tamaha awak boga salaki ka behditoeeun kolot, sengserang padoeng tjek pikirna mah. Moal dikoemaha, inget ka papagah sobatna tea; teu nganggap boga salaki kolot tapi boga anoe katjida njaabeunana, nja kitoe deui dina ngawoelaanana estoe djeung sabenerna tea nganggap ka kolot teu tinggal ti hormat sarta lakoe anoe merenah, datang ka Madkaja toeroen kanjaahna, di djero saboelan oge geus bisa masrahkeun sagala kontjina, saperti lomari, peti djeung bangsa barang anoe marahal hargana; anoe satadina mah, nadjan oenggal boga bodjo oge Madkaja mah tjadoe kana masrahkeun kontji teh, dina balandja oge digeret.

Di imah Madkaja ajeuna mah beuki rea bae anoe daratang, minangka narembongkeun kasatoehoeanana, da kabeh panjawah ajeuna mah boga rasa ngeunah hatena koe lantaran noe djadi doenoengan sanggeusna kawin ka noe ajeuna djadi tambah bageur sarta tambah geten ka rahajatna.

Rea katjida baraja-baraja Madkaja malah diantarana aja doeloer anoe pet koe hinis tea, anoe tadina geus njarieun panganggeusan moal ngarakoe deui doeloer atawa baraja, da nja eta koe katjida teuing Madkaja milainna, ajeuna mah pada daraek datang, koe oesahana Nji Djoeminem nepi ka harade deui sarta djangdji pada silih asih silih hampoera.

Tjek sawareh baraja: Noehoen ajeuna Njai geus bisa ngislamkeun Madkaja, moega-moega Njai sateroesna disabarkeun hate kadjeun teuing tjarogean ka aki aki oge da engkena moal ka saha toeroeuna radja kaja teh, anggoer mah neda neda moega-moega bae kagoengan poetra.

Eta omongan-omongan koe Nji Endjoem dibaieesna ngan koe mesem bae sarta dibarengan koe boektina, nja eta Nji Endjoem tara inggis barang bere ka sakoer noe datang, soemawonna kaseboet baraja atawa doeloer mah ti pihak salaki estoe bro broan, ingetanana kadjeun dipaido oge koe salaki, da rea ieuh, nadjan sawareh dipitjeunan oge redjekina teh moal katara, nja eta koe reana.

Madkaja njaho katjida kana eta kalakoean kitoe, mimitina mah hatena ngageremet bae hajang njaram, tapi lila-lila mah takseran karasaeun, jen enjana teh koedoe kitoe, ari djadi djelema geus leuwihan mah, toengtoengna api-api teu njaho bae.

Ajeuna Nji Djoeminem ngarasa jen aing teh manahoreng soegih estoe enjaan tea, toeh leuit ngadjadjar, balong ngaremplang, sawah taja itoenganana lomari pinoeh koe papakean, peti-peti diareusi.

**(Aja samboenganana.)**

## HEALTH IS BETTER THAN WEALTH

Insja Allah tanggoeng baik dan mandjoer obat-obat dari Hindoestan.

Noe nawis di handap ieu nerangkeun ka para djoeragan sadaja, jen ajeuna sim koering parantos moeka toko obat tina saniskanten panjawat.

Memeh ka noe sanes mangga tjarobian heula ka sim koering atanapi bilih kirang mental ti noe sanes mangga soemping ka toko obat simkoering, nanggel dirawat sae sareng njenangkeun. Nanggel teu kedah dibelek (operatie) sim koering tiasa ngadamangkeun saniskanten kasawat anoe mateni.

Ka anoe kirang mampoeh asal aja katrangan ti djr. Wadana atawa Controleur, tiasa kenging landong pertjoemah. Salamina njajagikeun landong koe djalan rembours.

Nampi panjaoer ka boemi anoe palaj diparios, kasawat koemaha bae.

**Nami obat sareng harga.**

1 Batoek mengi f 5,— 2 Batoek gangsa f 2.50 3 Batoek biasa f 1,— 4 Pegel linoe f 2.50 5 Sakit mata f 1.— 6 Mata lamper f 2.50 7 Sakit peroet f 1,— 8 Sakit kalingsir f 2.50 9 Sakit sakit badan f 2,50 10 Medjen f 1.50 11 Salesma f 1,— 12 Sakit kapala f 1,— 13 Sakit tadjam f 1,50 14 Obat tjatjing f 1,— 15 Bisoel f 1,50 16 Penjakit koening f 2,— 17 Sakit sekalor f 2,— 18 Rieut djangar f 1,50 19 oebar kokoloteun f 1.50 20 haloes koelit f 1,50 21 pandjangkeun ramboet f 1.50 22 ngilangkeun ramboet f 1,— 23 obat gateul f 1,— 24 radang f 2,— 25 roepa roepa haheut f 2,50 26 oebar panon benteum f 1,— 27 oebar ngaberesihan f 1,— 28 njeri parindikan f 2,50 29 njeri gigir f 2 50 30 njeri sanoekoe boekoe f 2.30 31 njeri oerat oerat f 2.50 32 kaligata f 2.— 33 njeri tjangkeng f 2,— 34 njeri tjeuli f 1,— 35 koerang sare f 1,50 36 seneul angen f 1,—

Obat bikin gemoek dan obat bikin koeroes ada sedia.

Obat penjakit jang djahat djahat sedia.

Hormatna

Toko Obat dari Hindoestan

**F A Z A L M O H A M A D**

Stationsweg Tasikmalaja

N. B. Saja tida ada orang jang keliling, kalau maoe beli obat obat dateng sajda di Toko. 54

---

## PRIJSCOURANT ANJAR

(Basa Malajoe)

**Nembe Kaloear.**

Saha-saha anoe hojong dipaparin (dikintoen), mangga linggih ka toko atanapi njerat ka

53 Toko Boekoe

**L. A. LEZER.**

Tasikmalaja.

---

Djoeragan² sareng saderek² oelah kahelokan, moal aja noe bireuk, moal enja henteu oeninga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Filari bae dina roangan No. 1 Los letter B. didinja aja waroeng GENDONG (bangkelan) anoe parantos kasohor kamirahanana sareng marodel barangna mangga soemping saban dinten oge boeka di adjeng² pisan.

Hoermatna

50 **Mh. SATIBI**

---

## Hatoer oeninga!

Djoeragan-djoeragan oepami ngagaleuh kopeah model Padang, baris itjalkeuneun deui memeh ngagaleuh kanoe sanes mangga tjobian heula ka djisim koering soemping koe andjeun atawa moendoet badanten koe serat.

Noe didamelna tina Sindeiju, soetra, kasar, sedeng sareng noe pangsaena.

Pangaosna ditanggel pangmirahna pisan

Perdjangdjian: oepami padamelanana teu kaanggo sareng pangaos langkoeng awis ti noe sanes kenging di wangsoelkeun deui, nanggel moal njesahkeun noe ngagaleuh, mangga enggal tjobian.

Hoermatna noe ngantos

**S O E R D J O**

48 Bengkel koplah di kp. Tjiboengkoel Indihiang Tasikmalaja.

---

**TOKO BOEKOE**

## M. I. PRAWIRA WINATA.

**GROOTE LENGKONGWEG 1 BANDOENG.**

Parantos kaloear Wawatjan Mintaraga pangaosna moeng f 0,60 — enggal ngagaleuh bilih kaboedjeng seepeun, margi seueur noe mikaresep, da lalakonna ramé, Djabi ti eta seueur deui boekoe boekoe noe sanes sapertos:

| Basa Soenda. | | Basa Malajoe. | |
|---|---|---|---|
| Poernama Alam I t/m VI | f 3,— | Roemah Hantoe | f 1,75 |
| Tjarita Si Kate | „ 0,25 | Kapal Setan | „ 2.— |
| Nalakasoera Boma I. II. | „ 0.80 | Lie Tji Kwan | „ 0,75 |
| Rangga Woeloeng | „ 1,50 | Alladin dengan lampoe wasiat. | „ 1,25 |
| Loetoeng Kasaroeng | „ 3,— | Siti Rajati | „ 1,50 |
| Eulis Atjih | „ 0.30 | Zakatoel Fitir | „ 0.10 |
| Bale Bandoeng | „ 0.50 | Fabad Azan | „ 0,25 |
| Koeja Kadjadjaden | „ 0,25 | Djoedjoeanuja agama Islam. | „ 0.30 |
| Lalampahan Goeliper | „ 1,40 | Penjeloeh bagi civilisatie | „ 0,60 |
| Bab Melak boeboeahan | „ 0,90 | Seriboedaja | „ 0,90 |
| Djaja Roekmantara | „ 1,50 | Fadoellah Kamoes 'Arab Melajoe | „ 3,— |
| Pamingpin pangadilan | „ 1,50 | Kloppenburg-Versteegg Boekoe Obat obat | „ 3,75 |
| Samaoen (lalakon 'Arab) | „ 0,45 | | |
| Enden Ratna | „ 1,50 | | |
| Sondjaja | „ 0,20 | | |
| Mikat oerang koe agama | „ 0,20 | | |

Boekoe-boekoe noe kasebat di loehoer teu atjan dietang ongkos ngintoenkeun. Prijscourant dikintoen pertjoemah. 51

---

## TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

11 **TAN HOEN AUW**

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

---

**TOKO OBAT**

**Universeel Agentschap**

## NIC MULLER

**TASIKMALAJA**

**Goenoengladoe No. 15**

Telefoon No. 26.

Nembe katampi, mangga soemping ladjeng ngagaleuh.

Colol landong ngaberesihan lamboet f 3 50

Sodah koeh 1 K. . . . . f 1,40

Gips kanggo doktor waos 10 K.G. f 8,—

Coustic sodah (sodah Api) 50 K.G. f 18,50

Pixavon (ngaberesihan koelit sirah) f 1,40

Santonine (obat tjatjing) 10 f 0,85

Tjai Kina landong demem . f 1,50

Landong sariawan (tadjam) . f 2,—

Saboen landong sareng saboen seungit roepi-roepi.

Kompa kahoeroean PRIMAX,

Tjet panganggo sarae.

Roepi² landong patent, aloteun, sesepeun kadaharan barcedak, kaperloean Sport.

Hoermatna

40 **Nic Muller.**

---

**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925**

## Koek - en Banketbakkerij

**Fabriek**

RADEN NATAMIHARDJA

**Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh sapertos: boemboena, kiosirna sareng kembangna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.

Noe ngantos

17 **Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

---

**K E M B A N G G O E L A**

**H O P J E S.**

**jang paling enak.**

**per blik isinja 400 bidji f 3,—**

**Boeat djoeal lagi per peti isih 4 blik á 400 bidji f 10.—**

**STROOP jang paling enak**

**per fl. f 0,50**

**voor djoewal lagi**

**1 peti isi 10 fl. . . . . . . . f 4,—**

**Terisi Roepa-roepi Seperti:**

**Frambozen, Rozen, Chitroen, Ananas, Pisang enz.**

**Melainken boleh dapet pada:**

**Merk DJIT GOAT BING**

27 **Semarang.**

---

## Hatoer Oeninga.

**Ka soegri noe maraos weekblad Sipatahoenan ti kaping 1 Augustus 1925 pribados parantos ngadamel bidil atoeran anjar, kaperloean oerang Soenda noe rareuep maos, nja eta ngadamel BEUNGKEUTAN BOEKOE noe eusina 10 boekoe 10 warna, nja eta:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Wawatjan Samaoen | | pangaos | f 0,45 |
| 1 | „ | Nabi Paras | „ | f 0,50 |
| 1 | „ | Toendjoeng Woelan | „ | f 0,75 |
| 1 | „ | Enden Djadja | „ | f 0,30 |
| 1 | „ | Lalanang Sadjati | „ | f 0,15 |
| 2 | „ | Abdoel Moeloek I en II | „ | f 1.— |
| 1 | „ | Kadoehoeng tara ti heula | | f 1,— |
| 2 | „ | Tjieeng I en II | pangaos | f 0,70 |
| | | | Djoemlah | f 4,85 |

**Tah saha-saha noe palaj boekoe-boekoe noe disebatan di loehoer, enggal bae ngintoen artos f 3,50 (tiloe roepia satengah) ka:**

**M. ENCKA-WIDJAJA**

52 Tjimoerah-Garoet.

---

## Dr. TAN TJOEN HAIJ

**ARTS.**

**Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina Dir. Dr. Saleh Marhoem.**

Ngalandongan sagala roepi panjawat marios saban dinten.

**Waktosna.**

**Endjing-endjing 7 - 9**

**Sonten 4 - 5** 41

---

## I N I L O O!

Fabriek Segala Matjem Saboek (iket pinggang) koelit Kalf en Bruin dan kain Grim Boeloe. Oekoeran lebar $1^1/_2$ sampe $3^1/_2$ Duim, dan Segala Model Koepjah Beloedroe en Koepjah Padang Aloes dan kasar, Sandal en Teroempah - terbikin dari koelit Betool.

**Menoenggoe pesenan Dengen Rembours,**

**H. M. A. MOEGNIE**

46 GRISEE.

---

## SIK DJOEN KWAN

**TOEKANG GIGI**

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami - lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu di toeloeng koe anlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koe margi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

'noe ngantos pesenan a saroempingna'

**SIK DJOEN KWAN**

18 Sarimbit.

---

## SINSHE TAN KOO HWIE

**ti SHANGHAIJ**

**Ngahidji sareng toekang gigi Sik Djoen Kwan.**

Kawentar Tabib toeroenan JOW TWAN, mang taoentaoen matoeh di Sang Hai nanging koemargi timboel bahaja perang tea, kapaksa sim koering njingkah, nja ka dieu.

Roa serat poedjian sareng anoe njarebatkeun jen djadi kaoentoengan ageung pisan ka oerang dieu, lantaran aja sim koering, tingali kaajaan landong sareng petana ngalandongan.

Moeng handjakal saeutik reh sim koering di dieu meh teu pati tiasa leres-leres kana Malajoe, kedah basa Tjing Jin bae, noemawi ngahadja moegi-moegi koe lantaran ieu Serat kabar tiasa njebar aroeningana kana ajana toko Sim koering.

Tiasa ngalandongan: kolera, batoek gangsa, panjakit koening, Radjasinga, tjindekna anoe bangga-bangga mangga sim koering heula tjobian. raoskeun. Ngalandongan moerangkalih, anoe salesma, lebet angin, moeriang, panas tiris sareng roa² deui.

Pembajaran nimbang-nimbang kana kamampoehanana, anoe teu kiat mah vrij.

Anoe bade djangdji dilandongan doegi ka saena (Pauw Ie) sae badanten bae.

Nampi tamoe: taboeh $8^1/_2$ doegi ka 11

taboeh $3^1/_2$ doegi ka 6 sonten. 42

---

**Toko Soenda**

## H. M. SOBARI

**di SINDANGRADJA**

**(Pengkolan ka Tjisajong) Halte Indihiang.**



TJAP GADJAH

**Djr.-djr. sareng Wargi-wargi oelah lali, oepami bade ngagaleuh kopeah anggoeun (itjalkeuneun deui) anoe sae, anoe kiat, anoe mirah pangaosna. Sajagi di koering roepi-roepi kleur noe didamel tina soetra pangsi No. 1 No. 2 sareng tina lawon sinelia potongan „Padang" sareng njajagikeun roepi-roepi kopeah bloedroe model Soerabaja, Penang sareng model Singapoera anoe dipikasengarem koe djaman ajeuna. Mangga soemping ka Pasar baroe di Los letter L roangan No. 2 Tasikmalaja, saban dinten Senen sareng Kemis, oepami ti noe tebih perjogi ngintoen serat (pesenan) ka djisim koering adres noe ka sekat di loehoer.** 44

---

**Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed**